КЕРЛАНАШ

# Казахстанехь лаьцна латточу Мовлаев Мансуран вешина тӀехь ницкъбарх лаьцна дӀахьедина жигархоша

Мангал-бутт 03, 2026



Мовлаев Мовсар

Официалехь боцчу хаамца, Казахстанехь лаьцна латточу Мовлаев Мансуран лачкъийна вигинчу вешина Мовлаев Зелимханна тӀехь къизаллаш лелийна. Мовлаев Оьрсийчу схьавалийта хьийзаш ду нохчийн Ӏедал.

Хиллачух лаьцна хаамбина Мовлаев Мансуран гӀоьнна кхоьллинчу тобано. Жигархоша дийцарехь, стигалкъекъа-баттахь Мовлаев дарбанан цӀийне кхачийна хилла, йоьхь-цӀога лазийна. Карарчу хенахь лартӀахь йа хиъна Ӏар а, йа наб йар а дайна цуьнан, цунна йина чевнаш бахьана долуш.

Йозуш йоцчу хьасташа кхунах лаьцна кхин йаздина дац, иштта билггал хууш дац, ницкъбинарг мила ву а. Жигархоша дӀахьедина: "Кхин дӀоггара хьекъал оьшуш

дац, иза оцу хьоле валийначу цунна тIехь лелийначу къизаллин барам хаа".

Ишта цара билгалдоккху, "Мансура лелочуьнца а, йа цунна тIаьхьабовларца а Зелимхан воьзна цахилар, и хIума нисдалар бахьана ду боху цара, Казахстанехь лаьцна латточу Мовлаевна цуьнан гергарчу нахехула Iаткъам бан гIертар.

"Оцу хIуманаша тIечIагIдо, нагахь санна, Мансур Оьрсийчоьне дIалахь, цунна тIехь билггал къизаллаш лелориг хилар", - дIахьедина жигархоша

Нохчийчуьра Iедалхоша кху хаамах лаьцна цкъачунна йина комментарий йац.

- Тхан редакцин информацица, 2020-чу шарахь Мовлаевна кхел йина Нохчийчохь наркотикашца доьзначу гIуллакхехула. 2022-чу шарахь иза маьршаваьkkхира хенал а хьалха. 2022-чу шеран марсхьокху-баттахь иза йуха а лецира Шела кIоштан полицин декъан белхахоша, чохь латтийра цхьахйолчу къайлахчу набахтехь. Эххар а ша дIахецча, цуьнан ка йелира Оьрсийчуьра дIаваха, карахь кехаташ а доцуш кхечира иза ГIиргIазойчу.
- 2023-чу шарахь Мовлаевна 6 бутт хан туьйхира Бишкекан кхело, бакъо йоцуш шайн пачхьалкхан доза хадорна. Шена тоьхна хан чекх ма йоллура, Мовлаев дIавахара ГIиргIазойчуьра. 2024-чу шеран гIадужу-баттахь цо кхайкхам бира, шен вежарий Зелимхан а, Хьамзат а лачкъийна вигина аьлла.
- 2026-чу шеран стигалкъекъа-беттан 8-чохь Казахстанера Алматан кхело товеца батте кхаччалц Мовлаев лаьцна вуьтуш сацам бира. И бутт чекхболуш Казахстанан Венера векалтана хьалха нохчийн диаспоран векалша пикет дIайаьхьира, лаьцнарг Оьрсийчу дIаваларна дуьхьал.

Радио Маршо - Instagram

Радио Маршо - YouTube

Радио Маршо - Facebook

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю